

Vèsyon Preliminè Kritè Kominote Defavorize Eta New York yo

Chanjman klimatik pa afekte tout Nouyòkè menm jan.

Se yon menas ki vin pi grav akòz chay, vilnerabilite ak estrès ki differan pamí kominote yo toupatou nan Eta a. Pou rezon sa, yon pwen esansyèl nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Lwa Klima) ki nouvo nan tout peyi a kifè ke New York ap idantifye ak konsidere enpak sou popilasyon ki pa jwenn anpil sèvis yo epi ki pi vilnerab yo nan enplemant Lwa Klima a ak lòt aksyon règlementasyon toujou.

Gwoup Travay sou Jistis Klimatik (Climate Justice Working Group, CJWG) New York la, ki gen ladann reprezantan ki soti nan gwoup Jistis Anviwònan toutpatou nan Eta a, te fòme pou idantifye kominote defavorize yo (Disadvantaged Communities, DACs) yo souvan neglige nan inisyativ politik sou klima yo epi asire yo benefisyé yon fason dirèk tranzisyon istorik Eta a pou itilize sous enèji ki pi pwòp ak pi vèt, redui polisyon epi gen yon lè ki pi pwòp, ak opòtinite ekonomik.

Kijan yo idantifye dezavantaj kominotè yo?

CJWG te itilize 45 endikatè pou idantifye 35% nan resansman nan New York ki DAC. Tablo 1 an montre pousantaj nan sektè resansman yo idantifye kòm DAC ki divize nan chak rejon. Kritè yo gen ladan risk ki gen rapò ak klima tankou inondasyon oswa chalè ekstrèm, sante vilnerab tankou opresyon ak vizit nan depatman ijans COPD, ansanm ak plizyè faktè sosyo-ekonomik tankou ras, orijin etnik ak revni.

Rejon ki koresponn ak Rejon Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Eta New York la. Pou jwenn yon lis konte ki nan chak rejon, ale sou <https://regionalcouncils.ny.gov/>. Yo klase tablo a soti nan rejon ki gen plis moun yo pou rive nan rejon ki gen mwens moun yo

Tablo 2. Chay Anviwòmantal ak Risk Chanjman Klimatik yo: Endikatè Pwojè a

Tablo 1. Pousantaj sektè resansman nan chak rejon yo deziyen kòm yon pwojè DAC

Rejon	Pousantaj sektè yo idantifye kòm pwojè DAC
Vil New York	45%
Long Island	12%
Mid-Hudson	45%
Western NY (Lwès Eta New York)	32%
Finger Lakes	35%
Rejon Kapital	22%
Central NY (Rejon Santral Eta New York)	36%
Southern Tier (Nivo Sid)	18%
Mohawk Valley	19%
North Country	15%
Total	35%

Chay Anviwòmantal ak Risk Chanjman Klimatik la

Itilizasyon tè ak etablisman ki asosye ak diskriminasyon oswa dezenvestisman istorik	Risk Posib pou Gen Chanjman Klimatik	Ekspozisyon Posib pou Gen Polisyon
Pwòch chantye asenisman	Pwojeksyon kont chalè ekstrèm	Dansite trafik machin dyezèl kamyon ak otobis
Pwòch chantye plan jesyon reglemante yo	Inondasyon nan zòn kotyè yo ak zòn radmare yo enfliyanse (previzsyon)	Patikil matyè (PM2.5)
Pwòch gwo enstalasyon depo petwòl	Inondasyon nan zòn anndan yo (previzsyon)	Konsantrasyon benzèn
Pwòch enstalasyon pwodiksyon kouran	Kouvèti vejetal ki fèb	Jete dlo ize
Pwòch dechaj aktif	Tè agrikòl	
Pwòch kote yo boule fatra minisipalite a	Tan yon moun fè ap kondi pou ale lopital oswa nan swen ijan/kritik	
Pwòch pwosesè ki transfòme metal		
Itilizasyon tè endistriyèl/fabrikasyon/min		
Pousantaj lojman ki vid		




Yo bay chak sektè resansman nòt dapre chay relativ, risk, vilnerabilite oswa sensibilite popilasyon ana. Espesyalman, yo konbine chak ranje ki gen san (100) endikatè ak chak seksyon resansman pou pwodui yon valè ki mezire nivo relativ "Chay Anviwònmantal ak Risk Chanjman Klimatik" nan yon sektè resansman, ansanm ak "Karakteristik Popilasyon ak Sante Vilnerab" parapò ak lòt zòn yo. Zòn ki gen pi gwo nòt parapò ak (a) lòt Zòn nan Eta a; oswa (b) yo te idantifye reydon yo (Vil New York oswa Rès Eta) kòm DAC.

Daprè nòt konbine sa a, yo konsidere tòp 35 poustan nan sektè resansman yo kòm DAC. Anplisdesa, yo enkli otomatikman 19 sektè kote omwen 5 poustan tè yo se yon rezèv leta federal rekonèt oswa yon Nasyon Endyen posede nan kategori DAC yo – kèlkeswa klasman an pousantl pou endikatè sa yo.

Anplis kritè DAC jeyografik yo diskite pi wo a, Kominote Defavorize yo gen ladan fanmi ki deklare revni total anyèl ki egal oswa ki pi ba pase 60 poustan Revni Mwayèn Eta a, oswa ki kalifye yon fason kategorik pou pwogram revni ki fèb (tankou Pwogram Èd pou Gen Enèji nan Kay). Kay sa yo ka sitye nenpòt kote nan Eta a epi yo mete yo ladan sèlman nan objektif pou mennen Eta a envesti nan enèji pwòp ak efikas. Figure 1 ki pi ba a montre lòt kay ki gen revni fèb ki pa nan DAC jeyografik yo ke yo ajoute grasa kritè kay ki gen revni fèb yo.

Figure 1: Ogmantasyon nan kantite kay yo mete nan kritè DAC yo nan objektif pou bay envestisman nan efikasite enèji ak enèji pwòp, pa Reyon.



*Estimasyon ki itilize 200% FPL kòm yon evalyasyon endirèk 60% SMI; chif aktyèl yo ka yon ti kras pi wo

Tablo 3. Karakteristik Popilasyon an ki gen yon Sante Vilnerab: Endikatè Pwojè a

Karakteristik Popilasyon an ak Sante Vilnerab

Revni

Pousantaj <80% Revni Mwayèn Zòn lan
 Pousantaj <100% Liy Povrete Federal
 Pousantaj ki san diplòm bakaloreya
 To chomaj
 Pousantaj fanmi yon sèl paran

Ras ak Orijin Etnik

Pousantaj Latino/ oswa Panyòl
 Pousantaj Nwa oswa Ameriken Ameriken Nwa
 Pousantaj Azyatik
 Pousantaj Ameriken Natif Natal oswa Endijèn
 Moun ki pa pale Anglè Byen
 Nòt istorik an wouj

Rezulta sou Sante ak Sensibilité

Vizit nan depatman ijans pou opresyon
 Vizit nan depatman ijans COPD
 Ospitalizasyon pou kriz kadyak (MI)
 Lanmò anvan lè
 Pwa nan nesans ki fèb
 Pousantaj ki pa gen asirans sante
 Pousantaj ki gen andikap
 Pousantaj granmoun ki gen 65 lane ak plis

Lojman Mobilite ak Kominikasyon

Pousantaj kay lokatè yo okipe
 Chay depans lojman (depans pou lokasyon)
 Povrete enèjetik / Fado depans yo
 Kay prefabrike
 Kay ki te batí anvan lane 1960
 Pousantaj ki pa gen entènèt



Department of Environmental Conservation
NYSERDA